



Pwogram Nest ASD a ak pwogram ASD Horizon se de pwogram edikasyon espesyal differan nan lekòl distri 1-32 ki sèvi kèk elèv ki gen *autism* ki gen pwogram edikasyon endividiyèl (Individualized Education Programs, IEPs). Chak pwogram fêt pou satisfè bezwen elèv ki gen ASD lè li ranfòse kapasite akademik ak sosyal yo, men chak pwogram bay sèvis yo nan yon modèl differan, epi yo gen kritè elijiblite differan. Se menm pwosesis aplikasyon an ki valab pou ni pwogram ASD Nest ni pwogram ASD Horizon. Pou plis enfòmasyon sou pwogram ASD nan lekòl Distri 1-32 , tankou kritè pou admisyon, ale nan [sitwèb NYC DOE](#).<sup>1</sup>

Avan ou voye aplikasyon pou pwogram ASD a ale, li enpòtan pou estaf lekòl la ak fanmi gade epi konprann enfòmasyon ki nan [Gid pwogram ASD](#) a.<sup>2</sup> Gid pwogram ASD a bay yon apèsi sou pwogram ASD Nest la ak pwogram ASD Horizon an ansanm avèk enfòmasyon sou admisyon. Si estaf lekòl ak fanmi elèv la reyalize ke yon pwogram ASD kapab apwopriye, yo dwe ranpli aplikasyon sa a ann antye epi voye ale nan [ASDPrograms@schools.nyc.gov](mailto:ASDPrograms@schools.nyc.gov).

**Tanpri sonje: Yo p ap aksepte fòm ki pa fin ranpli epi sa ka bay pwosesis pou yo wè si elèv la elijib la reta.**

| Dat aplikasyon an: | Aplikasyon pou ane lekòl: |
|--------------------|---------------------------|
|--------------------|---------------------------|

**Sous rekòmandasyon an**

|                                       |         |               |                 |
|---------------------------------------|---------|---------------|-----------------|
| Non:                                  |         |               |                 |
| Tit:                                  |         |               |                 |
| # Telefòn:                            | Imèl:   |               |                 |
| Lyen avèk elèv la:<br>Paran/respondab | Pwofesè | Manm ekip IEP | Lòt lyen: _____ |

**Eske paran/respondab la dakò pou voye yon aplikasyon pou pwogram ASD?**

WI

**NON\***

\* Yo dwe kontakte paran/respondab la epi li dwe dakò avèk desizyon an pou voye yo aplikasyon ASD ale. Si aplikasyon an gen "non" ladan, OSE p ap aksepte l.

**Enfòmasyon sou elèv la**

|   |                             |
|---|-----------------------------|
| Non :   | Siyati:                     |
| # ID elèv la:                                   | Dat nesans:                 |
| Adrès elèv la:                                  | Vil/Eta/Kòd Postal elèv la: |
| Lekòl elèv ye kounye a (DBN oswa non lekòl la): |                             |
| Adrès lekòl la:                                 | Klas I ap fè:               |
| Non Paran/Responsab:                            |                             |
| Imèl Paran/respondab:                           | # telefòn paran/Responsab:  |

**Non elèv la:** \_\_\_\_\_

**# ID elèv la:** \_\_\_\_\_

**Elèv sa a gen yon Pwogram edikasyon endivididyè IEP** (tcheke youn):

**WI**  
**NON\***

Si elèv la gen yon IEP kounye a oswa si li nan pwosesis evalyasyon pou edikasyon espesyal, tanpri ranpli seksyon ki vin apre a nan aplikasyon an. Fanmi k ap voye aplikasyon ta sipoze travay avèk ekip IEP pitit yo pou yo ka bay enfòmasyon ki nesesè a.

**Enfòmasyon sou Pwogram edikasyon endivididyèl *Individualized Education Program (IEP)***

|   |  |  |
|---|--|--|
| Dat IEP ki pi resan an:   |  |  |
| Kondisyon IEP ki an vigè kounye a (tcheke youn):  | BWOUYON FINAL  |  |
| Patisipasyon nan lòt evalyasyon:  | WI NON   |  |
| Klasifikasyon (tcheke youn)   | Otis ( <i>Autism</i> )<br>Timoun preskolè ki gen andikap<br>Lòt bagay: _____   |  |
| Rekòmandasyon pwogram edikasyon espesyal pou kounye a:<br>(chwazi tout repons ki aplikab pou preskolè oswa pou laj lekòl) |  |  |
| <u>Preskolè</u>   | Klas espesyal<br>Klas espesyal nan yon anviwònman entegre<br>Sèvis pwofesè yo fè vin jwenn elèv la pou Edikasyon espesyal<br>(Special Education Itinerant Teacher, SEIT) |  |
| <b>OSWA</b>   |  |  |
| <u>Timoun ki gen laj pou ale lekòl (K-12)</u>   | Lekòl ki pa espesyalize (Distri 1-32)<br>Lekòl espesyalize (Distri 75)<br>Lekòl prive (NPS)  | <i>Integrated Co-Teaching</i><br>Klas espesyal<br>Sèvis pwofesè Edikasyon espesyal pou<br>bay elèv sipò (Special Education<br>Teacher Support Services, SETSS) |
| Sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal elèv la ap resevwa kounye a: (chwazi tout sa l ap resevwa)                      |  |  |
|   | Terapi Pwononsyasyon-Langaj<br>Terapi pou readaptasyon<br>Terapi fizik   | <i>Counseling</i><br>Parapwofesyonèl<br>Lòt bagay: _____   |

**Non elèv la:** \_\_\_\_\_

**# ID elèv la:** \_\_\_\_\_

## Enfòmasyon sou Evalaysyon sikoedikasyonèl

Omwen, elèv ki prale nan pwogram ASD yo dwe fini evalyasyon yo nan twa ane ki sot pase yo, nan domèn entèlijans, akademik/reyalizasyon, ak konpòtman adapte, ak dyagnostik otis. Ou ka bay tou done sou lòt evalyasyon (tankou evalyasyon sou langaj, sou konpòtman), sa k ap vin fè pati dosye elèv la.

- Pou elèv k ap fè tranzisyon pou ale nan kindergarten, yo dwe voye aplikasyon an ale avan evalyasyon yo fin fèt.
- Pou elèv ki nan klas K-5, yo dwe fè evalyasyon sikoedikasyonèl yo nan espas yon ane apati dat aplikasyon an.
- Pou elèv ki nan klas 6-12, yo dwe fè evalyasyon sikoedikasyonèl yo nan espas twa ane apati dat aplikasyon an.

Lekòl la oswa ekip<sup>3</sup> IEP CSE a dwe asire ke evalyasyon obligatwa sa yo fin fèt pou aplikasyon an. Paran tanpri kontakte [ASDprograms@schools.nyc.gov](mailto:ASDprograms@schools.nyc.gov) si w gen kesyon sou evalyasyon ki obligatwa. Si tout enfòmasyon yo pa la, sa ka mete reta nan pwosexis elijiblite a.

| Tip Evalyasyon                                     | Non evalyasyon an | Dat yo te fè l           | Standard Score / Percentile |
|--|-------------------|--------------------------|-----------------------------|
| Entèlijans/IQ<br>(e.g. WPPSI, WISC, DAS, SB, etc.) |                   |                          |                             |
| Akademik/akonplisman                               |                   |                          |                             |
| Dyagnostik autism                                  | CARS<br>GARS      | ADOS<br>Lòt bagay: _____ |                             |
| Lòt bagay: _____                                   |                   |                          |                             |

## Enfòmasyon anplis – Tanpri ajoute nenpòt enfòmasyon anplis ki fè sans

<sup>1</sup> Sitwèb NYC DOE, Edikasyon espesyal, Sipò ak sèvis, Pwogram espesyalize:

<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/SupportsServices/specializedprograms>

<sup>2</sup> Gid Resous pou Fanmi: <http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/3145BEDF-9742-4EBB-A7E0-CEB1402FCEE9/0/ASDFamilyResourceGuideEnglish.pdf>

<sup>3</sup> kontak CSE: <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPS>